

COVID-19: Jwenn Aksè avèk Asistans nan Maine DHHS

Pandan sitiyasyon sa a kap evolye rapidman avèk COVID-19 (nouvo kowonaviris 2019), Depatman Sante Piblik ak Sèvis Imen Maine (DHHS) ap chanje kèk nan fason pou kominike avèk piblik la, men nou rete angaje pou asire ke rezidan Maine yo gen resous yo bezwen pou viv yon bon jan kalite lavi ki pwodiktiv.



Mizajou: 24 Me 2021

Asistans Tanporè pou Fanmi ki gen bezwen yo (TANF)

Si ou gen difikilte pou reponn a bezwen debaz pitit ou yo, ou kapab kalifye pou **Asistans Tanporè pou Fanmi ki gen bezwen yo**. Pwogram sa a bay yon benefis tanporè lajan kach pou ede paran yo nan reponn a bezwen sa yo.

Sipleman Manje

Si ou gen difikilte pou achte manje pou oumenm ak fanmi w, ou kapab elijib pou benefis **Sipleman Manje**. Sipleman manje ede fanmi ki gen revni fèb yo achte manje yo bezwen pou bon sante.

Asistans Swen Sante

Si oumenm oswa yon manm fanmi pa gen swen sante oswa gen difikilte avèk peman swen sante, ou kapab elijib pou **Asistans Swen Sante**. Asistans Swen Sante, sa ki gen ladan MaineCare, CubCare ak Pwogram ki nesèsè Medikalman yo, bay peman pou founisè swen sante yo.*

Asistans pou Ijans bay avantaj pou fanmi yo ki gen timoun nan sitiyasyon ijan ki presize yo lè fanmi an menase pou separe oswa pou yo vin sanzabri. Sitiyasyon sa yo gen ladan dife, lòt katastwòf natirèl, sispansyon sèvis piblik, oswa degèpisman. Peman kapab sèlman otorize yon fwa chak ane epi yo peye dirèkteman ba yon founisè.

Sibvansyon pou Gadri timoun se yon pwogram Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi jere kap ede fanmi ki elijib yo peye pou gadri timoun kidonk yo kapab travay, ale lekòl oswa patisipe nan yon pwogram fòmasyon travay, Vizite <https://www.maine.gov/dhhs/ocfs/ec/occhs/step.htm> oswa rele 1-877-680-5866 pou aplike.

Asistans Jeneral se yon pwogram minisipalite yo jere sa ki achte pwodui premye nesèsite pou moun yo ki pa gen mwayen pou peye. Aplikasyon yo pou Asistans Jeneral kapab fèt nan nenpòt biwo minisipal lokal. Ale sou sitwèb www.211maine.org oswa rele 211 pou w jwenn koneksyon nan resous kominotè yo.

*Si ou pèdi kouvèti asirans nan travay ou, e si ou pa kalifye pou MaineCare, ou ka kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Spesyal pou achte yon plan asirans sante nan HealthCare.gov. Depannde revni fanmi w, ou kapab kalifye pou asistans finansye nan gouvènman federal la pou fè prim yo vin pi abòdab. Pou apranplis epi tcheke pou konnen si ou kapab kalifye, vizite CoverME.gov.



Biwo pou Endepandans Fanmi

Biwo pou Endepandans Fanmi trete aplikasyon yo ak detèmine elijiblite pou plizyè pwogram DHHS ak benefis anplis pou bay sèvis sipò timoun.

Kontak:

Lapòs:

114 Corn Shop Ln,
Farmington, ME 04938

Faks: 207-778-8429

Telefòn: 1-855-797-4357

Imèl:

Farmington.dhhs@maine.gov

Kijan pou Aplike pou Benefis yo:

Aplike anliy nan www.maine.gov/mymaineconnection

Poste yon aplikasyon nan 114 Corn Shop Lane, Farmington, ME 04938

Fakse yon aplikasyon nan 207-778-8429

Imèl yon aplikasyon nan Farmington.dhhs@maine.gov

Depoze epi ranpli yon aplikasyon nan biwo lokal DHHS ou. Byenke yap aksepte dokiman papye, moun sila yo ki bezwen plis asistans ta dwe rele nimewo telefòn ki anwo a pou pale avèk yon ajan.

Aplike pa telefòn avèk yon Espesyalis sou Elijiblite.

Vizite www.211maine.org oswa rele 211 pou w jwenn plis enfòmasyon sou COVID-19 ansanm avèk sipò tankou sipleman manje pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (WIC), Asistans Jeneral, Asistans Lojman, resous swen pou timoun, ak pwogram piblik yo.